



Pwoteje pitit ou kont polyo jodiya menm

Èske pitit mwen an ta dwe pran vaksen kont polyo?

Tout tibebe ta dwe pran vaksen kont polyo yo a apati laj 6 semèn rive 2 mwa pou pwoteksyon san danje yo bezwen kont polyo a. Timoun yo ta dwe resevwa twa dòz ototal lè yo gen laj 2 lane, ak yon katriyèm dòz anvan yo kòmanse lekòl.

Si pitit ou a pa t resevwa vaksen kont polyo li (yo) a, li pa ajou nan kalandriye vaksinasyon kont polio yo a, oswa si ou pa sèten sou estati vaksinasyon kont polio yo a, kontakte yon pwofesyonèl swen sante touswit.

Anpil Nouyòkè, ki gen ladan timoun, ka an reta nan vizit swen sante woutin yo, epi pwofesyonèl swen sante pitit ou a ap asire l pitit ou a resevwa oswa kontinye pran tout dòz yo rekòmande yo.

Kalandriye vaksinasyon kont polyo

Kantite Dòz	Laj
1	6 semèn - 2 mwa
2	4 mwa
3	6 mwa - 18 mwa
4	4 - 6 lane

Poukisa pitit mwen an bezwen ajou nan vaksen kont polyo li a?

Timoun toujou bezwen pwoteksyon kont polyo. An reyalyte, yon kalandriye vaksinasyon kont polyo ki ajou se yon egzijans pou tout timoun ki gen laj lekòl ki ale nan gadri piblik oswa prive oswa nan lekòl nan New York.

Men, li enpòtan pou timoun piti yo pran vaksen kont polyo yo a alè, menm anvan yo ka ale nan gadri oswa lekòl. Timoun ki pa ajou ak vaksen kont polyo yo a gen risk pou yo enfekte ak devlope maladi ki grav (tankou paralizi). Paralizi (pa kapab bouje pati nan kò a) ke polyo lakoz, pèmanan leplisouvan, sa ki lakoz andikap pou tout lavi.

Poukisa polyo se yon risk pou pitit mwen an nan moman sa la?

Nan dat 21 jiyè a, yo te idantifye yon ka polyo lakay yon jèn adilt ki pa vaksinen, nan Rockland County. Moun nan te fè eksperyans sentòm ki grav, tankou paralizi, epi li te entènè lopital. Siveyans dlo ize idantifye nan moman la siy viris polyo nan dlo egou nan Rockland County, Orange County, Sullivan County, ak New York City, sa vle di gen anpil chans pou viris la gentan ap pwopaje nan kominote sa yo (lè moun yo enfekte ak polyo, menm si yo pa genyen okenn sentòm, yo elimine viris la nan pou pou yo). Pa gen okenn tretman pou geri polyo, men ou ka anpeche pitit ou a genyen maladi a lè w asire w li ajou nan vaksen li yo.

Nenpòt timoun ki pa ajou nan vaksen kont polyo yo a—sitou nan zòn kote yo te detekte viris polyo—gen risk pou yo vin malad grav ak polyo.

Kisa polyo ye?

Polyo se yon maladi ki afebli moun e ki menase lavi. Yon viris ki ka afekte sèvo a ak mwèl epinyè a, polyo ka lakoz paralizi (pa kapab bouje pati nan kò a) oswa menm lanmò. Se sa ki fè polyo danjere anpil, sitou pou timoun piti ki pa vaksinen oswa ki pa ajou nan kalandriye vaksinasyon kont polyo yo a.

Kijan polyo transmèt?

- Polyo kontajye anpil, epi moun kapab transmèt viris la menm si yo pa gen sentòm oswa menmsi yo pa konnen ke yo enfekte.
- Polyo transmèt de moun a moun atravè kontak avèk pou pou, lè moun estènye, oswa atravè ti gout saliv ki tonbe lè yon moun ki enfekte touse.
- Sa ka rive lè yon moun gen kontak pre ak yon moun ki genyen polyo, tankou lè y ap pran swen moun sa yo, lè y ap jwe avèk yo, oswa lè y ap pataje manje oswa kouvè avèk yo.
- Pou jèn timoun, leplisouvan ki jwe an gwoup oswa moun okipe yo an gwoup, risk la sitou gwo. Timoun piti yo tou gendwa pa kapab lave men yo ak dlo ak savon tankou granmoun yo.
- Nouyòkè yo ta dwe konnen tou ke dezenfektan abaz alkòl pa debarase yo de tout kalite jèm, tankou polyo.

Kijan pitit mwen an ka pran vaksen kont polyo?

Tout pedyat ak pwofesyonèl swen sante famiyal, ki gen ladan pwofesyonèl swen sante ki sèvi timoun nan klinik, ta dwe gen vaksen kont polyo ki disponib pou pitit ou a. Kontakte yon pwofesyonèl swen sante oswa depatman sante konte lokal ou a pou pwograme randevou pou vaksen kont polyo yo a pi vit ke posib.

Ki vaksen y ap ofri pitit mwen an?

Pitit ou a pral resevwa vaksen inaktive kont polyo (inactivated polio vaccine, IPV) a, ki se sèl vaksen ki disponib nan peyi Etazini. IPV san danje epi li efikas. IPV pwoteje 99 sou 100 timoun kont maladi, tankou paralizi, ki resevwa tout dòz ki rekòmande yo. Yo bay li swa nan bra a oswa nan janm, toudepann de laj pasyan an, li enpòtan pou timoun yo pran tout dòz ki rekòmande yo pou pi bon pwoteksyon posib.


Èske vaksen sa a kapab genyen efè segondè?

IPV se yon vaksen byen etabli ki vreman san danje. Pifò timoun yo pa gen okenn pwoblèm ak li, epi pitit ou a ka pa remake okenn chanjman apre li fin pran vaksen li a. Tankou apre nenpòt vaksen, li posib tou pou pitit ou a santi l pa byen tou piti. Pa egzanp, timoun yo kapab santi ke kote yo te bay yo piki a ap fè yo mal. Sentòm sa yo anjeneral modere epi yo disparèt poukont yo apre kèk jou.

Pwograme vaksen kont polyo pitit ou a jodiya.

Èske ou bezwen plis enfòmasyon?

health.ny.gov/polio



Department
of Health